



Gid konsènan patisipasyon otorite lokal yo nan aplikasyon lalwa sou imigrasyon ak dispozisyon modèl

Mizajou gid yo te pibliye nan dat 19 Janvyè 2017 la

Pati I: Objektif

Gid sa a gen de objektif: (1) dekri kad legal ki gouvènè patisipasyon otorite lokal yo nan aplikasyon lalwa sou imigrasyon; epi (2) ede otorite lokal yo nan Eta New York lè li ofri yon fòmilasyon modèl ki ka itilize pou adopte lwa oswa politik lokal ki limite patisipasyon nan aktivite aplikasyon lalwa sou imigrasyon.¹ Biwo Pwokirè Jeneral Eta New York la kwè aplikasyon efikas politik ki tabli nan gid sa a favorize yon relasyon konfyans ant lapolis ak kominote imigran yo; li ankouraje amelyore sekirite piblik pou tout Nouyòkè yo, epi fè pi bon itilizasyon resous Eta a ak kolektivite lokal yo.

Jan yo eksplike sa an detay nan Pati II gid sa a, anjeneral, se pa yon krim pou yon moun san papye rete Ozetazini.² Anplis sa, moun san papye yo—tankou tout lòt Nouyòkè yo—gen dwa ak sèten dwa ki garanti anba Konstitisyon Eta New York ak Etazini, ansanm ak lwa, règleman ak politik federal, eta a ak lokal yo. Ajans fòs lòd lokal (LEAs) yo³ dwe respekte egzijans ak entèdiksyon Konstitisyon Eta New York ak Etazini yo, ansanm ak lwa federal, eta a ak lokal yo nan sèvis yo bay piblik la, kit moun nan legalman Ozetazini oswa li sijè ak yon mezi aplikasyon lalwa imigrasyon. Pou egzanp, dapre lalwa Eta New York la, yo jeneralman entèdi LEA yo kenbe moun sèlman sou demann otorite federal imigrasyon sivil yo san yon manda jidisyè.⁴ Sepandan, LEA yo ka avize otorite federal imigrasyon yo sou dat liberasyon yon moun, san yo pa pwolonje detansyon yo, nan sikonstans limite ki dekri anba a nan Pati III, Prensip 2 a.

Pati III nan gid sa a pwopoze fòmilasyon modèl ki ka itilize pou adopte lwa ak règleman ki gouvènè fason kolektivite lokal yo reponn demann federal yo pou asistans nan aplikasyon lalwa imigrasyon sivil. Plizyè eta ak santèn kolektivite lokal atravè peyi a—tankou Vil New York ak lòt gouvènman lokal nan Eta New York—te adopte lwa ak politik ki limite patisipasyon ajans fòs lòd eta a ak lokal yo nan aplikasyon lalwa imigrasyon federal. Gade Anèks B a.

1. Jiridiksyon ki adopte lwa sa yo oswa politik sa yo, yo rele yopafwa "jiridiksyon refij". Sepandan, "refij" pa yon tèm legal epi li pa gen yon definisyon legal fiks oswa inifòm.

2. Gade *Arizona v. United States*, 567 U.S. 387, 407 (2012) (sitasyon omèt).

3. Ajan "LEA" yo enkli, men yo pa limite ak, pèsònèl lapolis lokal yo, pèsònèl depatman cherif la, pèsònèl prizon ak pèsònèl pwobasyon lokal yo, ajan sekirite oswa ofisye resous lekòl la, ak ofisye lapolis lekòl la.

4. *People ex rel. Wells v. DeMarco*, 168 A.D.3d 31 (2d Dep't 2018).

Pati II: Lwa ki gouvènè patisipasyon otorite lokal yo nan aplikasyon lalwa imigrasyon

A. Dizyèm Amannman Konstitisyon Etazini an

Dizyèm Amannman Konstitisyon Etazini an⁵ limite kapasite gouvènman federal la pou enpoze mezi patikilye sou eta yo ak kolektivite lokal yo, tankou nan aplikasyon lwa federal sou imigrasyon yo ak nan fason y ap mennen ankèt. Gouvènman federal la pa ka “fòse Eta yo adopte oswa administre okenn pwogram regilasyon federal,”⁶ ni oblije anplwaye eta a patisipe nan administrasyon yon plan regilasyon federal.⁷ Li enpòtan pou nou sonje, pwoteksyon Dizyèm Amannman sa yo pa sèlman aplike pou eta yo, men tou kolektivite lokal yo ak anplwaye yo.⁸ Koperasyon volontè ak yon pwogram federal pa pwoblematik anba Dizyèm Amannman an,⁹ men yo dwe egzamine nenpòt koperasyon konsa pou konfòmite avèk lòt lwa federal, eta a ak lokal yo.

B. Konstitisyon Eta New York la ak Pouvw Otonomi Lokal yo

Anba pouvw otonomi lokal yo bay nan Konstitisyon Eta New York la,¹⁰ jan Lwa sou Otonomi Minisipal la tabli sa,¹¹ yon gouvènman lokal ka adopte yon lwa lokal ki gen rapò ak “gouvènman, pwoteksyon, lòd, konduit, sekirite, sante ak byennèt moun” ladan l, depi dispozisyon li yo pa nan kontradiksyon ak konstitisyon eta a oswa yon lwa jeneral eta a.¹²

Dispozisyon modèl pou kolektivite lokal yo ki dekri nan Pati III a konfòm ak Konstitisyon eta a ak lwa ki an vigè yo.

C. Dwa ki Gouvènè Pwosesis Demann Federal pou Retansyon Imigrasyon yo

Otorite federal imigrasyon sivil yo, tankou Sèvis Imigrasyon ak Ladwàn (ICE), Sèvis Ladwàn ak Pwoteksyon Fwontyè Etazini (CBP), ak lòt ajans ki ka angaje yo nan aktivite aplikasyon lwa imigrasyon sivil yo, souvan voye “demann retansyon” (detainers nan lang angle)¹³ bay LEA yo. Yon demann retansyon se yon demann yon otorite federal imigrasyon voye bay yon lòt ajans, pou mande ajans sa a pou kenbe yon moun nan detansyon jiska 48 èdtan apre dat ak lè liberasyon moun sa a, epi pou avize otorite federal imigrasyon yo anvan liberasyon an. Yo mande detansyon sa a pou pèmèt otorite federal imigrasyon yo detèmine si yo gen entansyon pran moun nan anba gad yo pou yo ka angaje pwosedi nan kesyon imigrasyon sivil epi, si se sa, pou vini epi asire gad moun nan.

5. Dizyèm Amannman Konstitisyon Etazini an prevwa “pouvwa Konstitisyon an pa deleje bay Etazini, ni li pa entèdi Eta yo, rezève pou Eta yo respektivman, oswa pou pèp la.” Konstitisyon Etazini, Amannman X.

6. *New York v. United States*, 505 U.S. 144, 188 (1992). Obligasyon yo te anile nan ka *New York v. United States* la se te yon obligasyon legal federal ki te egzije eta yo adopte lejislasyon ki prevwa eliminasyon dechè radyo-aktif yo oswa, si sa pa posib, pou yo asime pwopriyete yo. Gade id., paj 152-54.

7. *Printz v. United States*, 521 U.S. 898, 935 (1997). Obligasyon yo te anile nan ka *Printz* lan se te egzijans Lwa Brady sou Prevansyon Vyolans ak Zam pou ajan lapolis nan nivo eta a ak kolektivite lokal yo fè verifikasyon antesedan pou moun ki ta vle achte zam. Gade id., paj 903-04.

8. Gade id., paj 904-05 (ki pèmèt ajan lapolis nan nivo konte yo envoke Dizyèm Amannman an); gade tou *Lomont v. O'Neill*, 285 F.3d 9, 13 (D.C. Cir. 2002) (idem); *City of New York v. United States*, 179 F.3d 29, 34 (2d Cir. 1999) (vil la ka envoke Dizyèm Amannman an), certiorari rejte, 528 U.S. 1115 (2000).

9. *Gade Lomont*, 285 F.3d, paj 14.

10. N.Y. Const., Art. IX, § 2(c)(ii)(10).

11. Municipal Home Rule Law § 10(1)(ii)(a)(12).

12. *Gade, pou egzantp, Eric M. Berman, P.C. v. City of New York*, 25 N.Y.3d 684, 690 (2015).

13. Yo fè demann retansyon sa yo dapre 8 C.F.R. § 287.7. Gade Fòmilè DHS I-247D la (“Demann Retansyon Imigrasyon—Avi Aksyon”) (5/15), disponib nan: <https://www.ice.gov/sites/default/files/documents/Document/2016/I-247D.PDF>.

Yon demann retansyon se yon rekèt, epi fòs lòd lokal yo pa gen okenn obligasyon legal pou kenbe yon moun sou baz yon demann kon sa. Demann retansyon yo souvan vini ak yon manda administratif ki soti nan ICE.¹⁴ Otorite federal imigrasyon yo prepare epi emèt yon manda administratif epi li mande otorite federal yo pou arete yon sitwayen etranje pou pwosedi ekspilasyon oswa depòtasyon. Se pa yon manda jidisyè. Yon manda jidisyè se yon manda ki baze sou yon motif rezonab epi se yon jij federal Atik III a oswa yon jij majistra federal ki delivre li, ki otorize otorite federal imigrasyon yo pou kenbe moun ki nonmen nan manda a.¹⁵ Yon manda jidisyè pa gen ladan yon manda imigrasyon sivil, yon manda administratif, oswa nenpòt lòt dokiman sèlman otorite federal imigrasyon yo siyen.

Yon arestasyon ak yon sezi fèt anba Katriyèm Amannman an ak Konstitisyon Eta New York la¹⁶ lè otorite eta a oswa lokal yo kenbe yon moun pi lontan pase tan lalwa eta a pèmèt pou yo ka transfere l anba gad otorite federal imigrasyon yo.¹⁷ Lalwa eta a entèdi ajan fòs lòd eta a ak lokal yo arete epi kenbe moun pou vyolasyon imigrasyon sivil sèlman—menm si otorite federal imigrasyon yo te emèt yon manda arestasyon administratif oswa yon demann retansyon.¹⁸ Arestasyon ak detansyon fòs lòd eta a oswa lokal yo fè sèlman sou baz yon manda arestasyon administratif oswa yon demann retansyon pa valab paske dokiman sa yo pa manda jidisyè ki soti nan tribinal, epi yo pa bay motif rezonab pou kwè yon moun te komèt yon krim oswa yon enfrazyon.¹⁹ Li pa pètinan lè otorite federal imigrasyon yo siyen manda arestasyon yo ak demann retansyon yo, epi yo ka itilize mo tankou “motif rezonab”.²⁰ Pou LEA yo detèmine si gen yon bon rezon pou detansyon pwolonje yon moun, sa pral depann sou reyalyte yo ak sikonstans yo, pa sèlman tèm otorite federal imigrasyon yo itilize nan fòm yo.

Nan akò avèk konstitisyon federal la ak eta a, lalwa New York otorize arestasyon ak detansyon sèlman lè fòs lòd yo gen motif rezonab pou kwè yon moun te komèt yon krim oswa yon deli.²¹ Yon manda jidisyè, yon jij Atik III a oswa yon jij majistra federal siyen, ta demontre motif rezonab nesè a, epi jistifye arestasyon ak detansyon an.²² Sepandan, nan ka absans yon manda jidisyè, detansyon pwolonje sèlman otorize si li demontre separeman gen rezon rezonab pou kwè yon moun nan te komèt yon krim oswa yon deli, oswa yon eksepsyon nan egzijans rezon rezonab la aplike.²³

14. Gade Fòmilè I-200 an, Manda pou Arestasyon yon Etranje, disponib nan https://www.ice.gov/sites/default/files/documents/Document/2017/I-200_SAMPLE.PDF, oswa Fòmilè I-205 lan. Manda pou Ekspilasyon/Depòtasyon, disponib nan https://www.ice.gov/sites/default/files/documents/Document/2017/I-205_SAMPLE.PDF. Gen egzanp nan Anèks A a.

15. Nan sètèn sikonstans, yon grefye nan yon tribinal distri federal ka siyen yon manda jidisyè. Fed. R. Crim. P. 9(b).

16. Konstitisyon Eta New York la gen yon dispozisyon ki sanble ak Katriyèm Amannman an: Atik I, § 12, ki deklare “Dwa pèp la pou yo gen sekirite pou tèt yo, kay yo, dokiman yo, ak pwopriyete yo, kont fouy ak sezi ki pa rezonab, pa dwe vyole, epi pa gen okenn manda ki dwe emèt, sof si gen yon motif rezonab, ki sipòte ak yon sèman oswa afimasyon, epi dekri patikilyèman kote pou fouye a ak moun oswa bagay pou yo sezi yo.”

17. Wells, 168 A.D.3d, paj 39-40. Gen yon arestasyon oswa yon sezi lè “yon moun rezonab ta santi li pa t lib pou li kite” prezans lapolis la. Florida v. Royer, 460 U.S. 491, 502 (1983); gade tou People v. Yukl, N.Y.2d 585, 589 (1969). Detansyon sa a ka fèt anndan oswa deyò yon etablisman penal epi li ka pwolonje oswa kout.

18. Gade id.

19. Id, paj 45-46. San yon manda jidisyè, yon ajan lapolis ka arete yon moun si li gen motif rezonab pou kwè yon moun nan te komèt yon enfrazyon (si li te komèt an prezans ofisyè a) oswa li te komèt yon krim (kit li te komèt an prezans li oswa otreman). N.Y. Crim. Pro. Law § 140.10(l). “Tèm “motif rezonab” ak “motif pwobab,” jan yo itilize yo nan jirispidans federal la, se nòm ekivalan. Gade People v. Valentine, 17 N.Y.2d 128, 132 (1966). “Motif rezonab” vle di plis pase yon soupson oswa yon bagay plis pwobab pase enpwobab. Pandan yon “krim” se yon deli minè oswa yon krim grav, yon “ofans” defini kòm “konduit pou ki prizon oswa yon amann ki prevwa anba nenpòt lwa nan Eta [New York] oswa nenpòt lwa, lwa lokal, oswa òdonans nan yon soudivizyon politik ladan l.” Lwa Penal § 10.00(1), (6).

20. Pou egzanp, se ajan imigrasyon yo ki emèt “Manda Ekspilasyon” (Fòmilè I-205), oswa yon anketè net, ki baze sou yon motif rezonab ki jwenn moun nan komèt yon krim. Gade 8 C.F.R. § 241.2. Anplis, Fòmilè I-247D DHS (“Aplikasyon pou Detansyon Imigrasyon — Demann pou Aksyon Volontè”) (5/15), disponib nan <https://www.ice.gov/sites/default/files/documents/Document/2016/I-247D>. Fòmilè PDF la gen ladan l yon kaz pou ICE endike gen “Motif Rezonab pou Kwè Sijè a se yon Etranje ki Sijè ak Ekspilasyon.” Men, lè w Ozetazini ilegalman se pa yon krim. Gade pi wo a nan _____. Se poutèt sa, lè ICE koche kaz “Motif Rezonab” sou Fòmilè I-247D a pa konstitiyè yon motif rezonab pou kwè yon moun komèt yon krim.

21. Wells, 168 A.D.3d, paj 42-43; gade tou Dunaway v. New York, 442 U.S. 200, 213 (1979) (note règ jeneral la ki di “sezi nan kad Katriyèm Amannman an ‘rezonab’ sèlman si yo baze sou yon “motif rezonab”).

22. Wells, 168 A.D.3d, paj 42-43.

23. Gade, pou egzanp, Gerstein v. Pugh, 420 U.S. 103, 111-12 (1975).

Men kèk egzanp detansyon imigrasyon san otorizasyon:

- Lè yon cherif lokal re-arete ak re-mete nan prizon yon moun apre yo fin kondane l pou yon santans ekivalan ak “tan li deja pije” a, sèlman sou baz yon demann retansyon administratif ICE emèt;
- Lè yo retade liberasyon yon moun ki nan prizon ki fin pije santans li oswa ki peye kosyon jiskaske otorite imigrasyon yo rive nan etablisman an pou fè yon arestasyon nan kad imigrasyon sivil; epi
- Detansyon pwolonje pasaje yon machin apre yon kontwòl woutye jiskaske ajan ICE yo rive pou kesyone ak/oswa arete pasaje yo anrapò ak yon soupson vyolasyon lalwa imigrasyon sivil.

Twòp reta administratif, tankou reta inabityèl nan pwosesis kosyon penal yo, kapab konstitye tou yon sezi san otorizasyon. Lè yon prizon konte kolekte kosyon lajan kach dirèkteman oswa yo prezante l ak prèv peman apwopriye pou yon moun ki nan detansyon, moun nan “dwe jwenn liberasyon li imedyatman.”²⁴ Reta entansyonèl nan pwosesis yon depo kosyon pou yo ka libere yon moun nan lè otorite imigrasyon yo rive, oswa akòz estati imigrasyon oswa sitwayèn moun nan, kapab konstitye yon sezi ilegal.

Dapre lalwa New York, gen kèk tribinal federal—tankou yon tribinal distri federal nan New York—ki te deside tou yon LEA te vyole dwa Katriyèm Amannman yon moun ki te nan detansyon apre dat liberasyon nòmal li apre yon demann retansyon otorite federal imigrasyon yo.²⁵ Vrèman vre, tribinal federal yo te deklare LEA yo ka responsab pou domaj-enterè lè yo kenbe moun pou enfraksyon sivil nan kesyon imigrasyon.²⁶ Menm jan ak nan New York, tribinal federal sa yo te deside demann retansyon imigrasyon federal yo pa konstitye yon motif rezonab pou kwè moun nan te komèt yon krim; kidonk, nenpòt detansyon pwolonje se yon bagay ki pa konstitisyonèl. Pwoblèm ki gen rapò ak sa yo toujou genyen litij, patikilyèman nan New York.²⁷

Malgre restriksyon enpòtan sou otorite LEA yo pou egzekite demann retansyon otorite federal imigrasyon yo, LEA yo gen otorite pou egzekite demann sa yo si otorite federal yo prezante yon manda jidisyè. Li enpòtan pou note egzekisyon demann retansyon ICE yo, se yon bagay volontè—pa obligatwa—epi konfòmite avèk demann sa yo rete nan diskresyon LEA yo.²⁸ Gid sa a rekòmande pou LEA yo egzekite demann retansyon oswa demann pwolongasyon otorite federal imigrasyon yo emèt, lè yo prezante yon manda jidisyè. Anplis, LEA yo ka, nan diskresyon yo, deside avize otorite federal imigrasyon yo sou dat liberasyon yon moun, san yo pa pwolonje detansyon moun nan, nan sikonstans limite ki dekri nan Pati III, Prensip 2 a. Pa gen anyen nan gid sa a ki ta dwe entèprete kòm yon chanjman nan otorite LEA yo genyen pou kenbe moun sou baz motif rezonab pou yon vyolasyon lalwa federal oswa eta a, nan akò ak lwa eta ki konsène a, epi pou kolabore ak otorite lapolis penal federal yo nan kad règleman ak pwotokòl LEA ki deja egziste yo. Yon apwòch kon sa ankouraje sekirite piblik pandan l ap respekte dwa konstitisyonèl moun yo epi pwoteje LEA yo kont responsablite legal potansyèl yo.

24. N.Y. Crim. Pro. Law § 520.15; *gade tou Arteaga v. Conner*, 88 N.Y. 403, 408 (1882).

25. *Gade, pou egzanp, Santos v. Frederick Bd. of Comm'rs*, 725 F.3d 451, 464-65 (4th Cir. 2013); *Orellana-Castaneda v. County of Suffolk*, No. 2:17-cv-04267, Dkt. No. 166 (E.D.N.Y. 2 Janvyè 2025); *Miranda-Olivares v. County of Clackamas*, 12-CV-02317, 2014 U.S. Dist. LEXIS 50340, paj *32-33 (D. Or. 11 avril 2014); *gade tou Gerstein*, 420 U.S. nan 111-12 (ki diskite sou baz egzijans motif rezonab Katriyèm Amannman an).

26. *Gade, pou egzanp, Santos*, 725 F.3d nan 464-66, 470 (ki deklare lokalite a pa t gen dwa ak iminite kalifye nan yon pwosè dapre Seksyon 1983 a, epi k ap mande, pami lòt bagay, domaj-enterè konpansatwa, kote LEA yo te vyole dwa konstitisyonèl moun yo te arete a lè yo te arete l sèlman sou soupson vyolasyon sivil lalwa federal sou imigrasyon).

27. *Gade, pou egzanp, Orellana-Castaneda v. County of Suffolk*, No. 2:17-cv-04267 (E.D.N.Y.) (ijman somè yo te akòde an favè gwoup ki pote plent lan sou responsablite anrapò ak akizasyon ki di LEA yo te vyole dwa Katriyèm Amannman moun ki pote plent lan atravè aplikasyon politik egzekisyon demann retansyon ICE yo; desizyon sou mezi reparasyon ki annatan yo); *Onadia v. City of New York*, No. 300940/2010e (Bronx Sup. Ct.) (yon kontestasyon aksyon kolektif ki te rezoud dènyèman kont detansyon moun nan Rikers Island apre dat liberasyon yo te prevwa a, ki baze sou demann otorite federal imigrasyon yo te fè anvan 21 desanm 2012).

28. *Gade lèt Pwokiryè Jeneral New York la Eric T. Schneiderman te voye bay chèf lapolis ak cherif Eta New York yo* (2 Desanm 2014), disponib nan: https://ur.ag.ny.gov/sites/default/files/letters/AG_Letter_And_Memo_Secure_Communities_12.2.pdf.

Anplis, Seksyon 287(g) nan Lwa sou Imigrasyon ak Nasyonalite a (INA)²⁹ otorize ajans aplikasyon lalwa yo nan nivo eta a ak kolektivite lokal yo konkli akò ak Depatman Sekirite Enteryè, kote fòs lòd yo nan eta a ak kolektivite lokal yo ka egzèse sèten fonksyon ajan federal imigrasyon yo nan limit lalwa eta a ak kolektivite lokal yo otorize.³⁰ Men, Seksyon 287(g) a pa otorize eta yo oswa kolektivite lokal yo arete oswa kenbe moun pou enfrazyon nan kesyon imigrasyon—pou egzanp, kòm repons pou yon demann retansyon otorite federal imigrasyon yo—san yon akò kon sa ak tout sa yon akò kon sa ka enplike, tankou fòmasyon apwopriye.³¹ Epi li pa klè anba lalwa Eta New York si yon akò anba Seksyon 287(g) a ta ka jistifye pou fòs lòd yo nan eta a ak kolektivite lokal yo fè arestasyon ak detansyon pou enfrazyon nan kesyon imigrasyon, paske, otreman, arestasyon ak detansyon sa yo t ap ilegal.³² Piske arestasyon ak detansyon sa yo LEA yo fè yo ta byen ka vyole lalwa New York menm avèk yon akò anba Seksyon 287(g) a, gid sa a konseye LEA yo pou yo pa konkli akò sa yo. Nenpòt lòt akò oswa akò ant LEA yo ak otorite federal imigrasyon yo pou fè arestasyon sivil yo prezante yon risk enpòtan pou vyole lalwa New York, sof si arestasyon yo fèt dapre yon manda jidisyè. Seksyon 287(g) a ak lòt akò ant fòs lòd lokal yo ak otorite imigrasyon yo pou fè arestasyon sivil yo kapab tou nuizib pou koperasyon ak konfyans ant LEA yo ak imigran yo—sa ka afekte volonte viktim yo ak temwen yo pou yo prezante tèt yo epi kolabore—epi detounen resous ki la pou fonksyon prensipal fòs lòd lokal yo.

Finalman, LEA yo ta dwe konnen lwa Pwoteje Tribinal Nou yo nan Eta New York la entèdi eksplisitman arestasyon sivil san yon manda oswa yon òdonans tribinal pou moun ki nan tribinal eta, minisipal oswa vil yo, ki sou wout pou ale, oswa ki kite tribinal eta, minisipal oswa vil yo.³³

D. Dwa ki Gouvènè Pataj Enfòmasyon ak Otorite Federal yo

Anplis demann retansyon yo, otorite federal imigrasyon sivil yo ka mande enfòmasyon tou sou moun LEA yo kenbe. Pou egzanp, ICE ka mande pou yo avize li sou dat, lè ak kote y ap libere yon moun pou pèmèt ICE pran gad li lè li lage.

Gid sa a rekòmande pou, eksepte lè yo prezante yon manda jidisyè, LEA yo pa bay enfòmasyon sansib ki pa jeneralman disponib pou piblik la, tankou enfòmasyon sou detay liberasyon yon moun oswa adrès lakay li. Gade Pati III, Prensip 3 anba a. Apwòch sa a pèmèt LEA yo pwoteje dwa vi prive moun yo epi asire bon relasyon ak kominote y ap sèvi yo, kidonk ankouraje sekirite piblik.³⁴

29. Dispozisyon sa a kodifye nan seksyon 1357(g) Tit 8 nan Kòd Etazini an.

30. *Wells*, 168 A.D.3d 31, paj 49.

31. *Id.*

32. *Id.*

33. Lwa sou Dwa Sivil § 28. Dekrè Egzekitif Eta 170 la adrese konduit ajan ak anplwaye eta yo, ki gen ladan ajan fòs lòd yo. Li entèdi ajan fòs lòd eta a itilize resous, ekipman, oswa pèsònèl pou detekte ak arete nenpòt moun yo sispèk oswa y ap chèche sèlman paske yo komèt yon enfrazyon nan kesyon imigrasyon sivil. Ajan sa yo pa gen otorite pou pran okenn aksyon lapolis sèlman paske moun nan pa gen papyè. Sa gen ladan idantifye, kesyone, kenbe, oswa mande enspekte dosye imigrasyon federal yo. Dekrè Egzekitif 170.1 an prevwa otorite federal imigrasyon yo ka fè arestasyon sivil nan etablisman eta yo sèlman si yo akonpaye ak yon manda jidisyè oswa yon òdonans ki otorize detansyon an, sof si arestasyon sivil la gen rapò ak yon pwosedi nan etablisman an.

34. Dekrè Egzekitif Eta 170 la entèdi ajan oswa anplwaye eta yo, ki gen ladan ajan fòs lòd eta a, pou yo divilge enfòmasyon bay otorite federal imigrasyon yo pou rezon aplikasyon lalwa federal imigrasyon sivil, sof si lalwa egzije sa. Li prevwa fòs lòd eta a pa dwe poze kesyon sou estati imigrasyon yon moun sof si sa enpòtan pou yon ankèt sou aktivite ilegal moun nan. Anplis, seksyon § 201(12)(b) nan Lwa sou Veyikil ak Trafik egzije pou nenpòt antite ki resevwa oswa ki gen aksè nan dosye oswa enfòmasyon nan Depatman Veyikil Motè yo sètifye antite a pa dwe itilize dosye oswa enfòmasyon sa yo pou rezon imigrasyon sivil oswa divilge dosye oswa enfòmasyon sa yo bay okenn ajans aplikasyon lalwa imigrasyon, sof si divilgasyon sa a fèt nan akò avèk yon akò kowoperasyon ant ajans vil yo, eta yo ak federal yo, akò sa a pa vize aplike lalwa imigrasyon an epi divilgasyon sa a limite ak dosye oswa enfòmasyon espesifik y ap chèche nan kad akò sa a.

(1) Seksyon 1373 nan Tit 8 nan Kòd Etazini an (8 U.S.C. § 1373)

Lwa federal la “pa egziye, an li menm, okenn ajans gouvènman oswa ajan fòs lòd kominike avèk [otorite federal imigrasyon yo].”³⁵ Okontrè, li limite kapasite gouvènman eta a ak kolektivite lokal yo pou entèdi kategorikman pataj sèten kalite enfòmasyon avèk otorite federal imigrasyon yo. Espesyalman, Seksyon 1373 nan Tit 8 nan Kòd Etazini an prevwa gouvènman eta yo ak kolektivite lokal yo pa ka entèdi anplwaye yo oswa antite yo “voye bay, oswa resevwa nan men, otorite federal imigrasyon yo nenpòt enfòmasyon konsènan sitwayènte oswa estati imigrasyon, legal oswa ilegal, yon moun.”³⁶ Anplis, lwa federal la entèdi nenpòt restriksyon sou “echanj” enfòmasyon konsènan “estati imigrasyon” ak nenpòt lòt antite gouvènman federal, eta a oswa lokal, oswa sou “konsèvasyon” enfòmasyon sa yo.³⁷ Jan yo di l la, lwa sa yo aplike sèlman pou enfòmasyon konsènan “sitwayènte oswa estati imigrasyon” yon moun.

Se poutèt sa, Seksyon 1373 la pa enpoze yon obligasyon eksplisit pou pataje enfòmasyon. Lwa sa a tou senpleman prevwa kolektivite lokal yo pa ka entèdi anplwaye yo oswa mete restriksyon sou yo nan pataje enfòmasyon konsènan sitwayènte oswa estati imigrasyon yon moun. Pa gen anyen nan Seksyon 1373 la ki anpeche yon kolektivite lokal refize pataje lòt enfòmasyon ak otorite federal imigrasyon yo, tankou enfòmasyon ki pa piblik konsènan liberasyon yon moun, konparisyon li nan tribinal, oswa adrès li.

Anplis, Seksyon 1373 la pa egziye kolektivite lokal yo kolekte enfòmasyon sou estati imigrasyon yon moun. Kidonk, kolektivite lokal yo ka adopte politik ki entèdi ajan li yo ak anplwaye li yo poze kesyon sou estati imigrasyon yon moun oswa kenbe enfòmasyon ki gen rapò ak estati sa a, sof si lalwa egziye sa.³⁸

Dizyèm Amannman an ka limite plis toujou dimansyon Seksyon 1373 la. Dizyèm Amannman an, ki rezève pou eta yo pouvwa ki pa delege bay gouvènman federal la, entèdi gouvènman federal la “oblige Eta yo adopte oswa administre nenpòt pwogram regilasyon federal” oswa “oblige” anplwaye gouvènman eta yo patisipe nan administrasyon yon sistèm regilasyon federal.³⁹ Jan nou te note pi wo a, pwoteksyon Dizyèm Amannman sa yo pwolonje pou kolektivite lokal yo ak anplwaye yo.

Malgre Tribinal Apèl Etazini an pou Dezyèm Sikwi a te rejte yon kontestasyon Dizyèm Amannman an kont Seksyon 1373 la, tribinal sa a te rekonèt yon vil ka entèdi pataj enfòmasyon volontè lè pataj sa a entèfere ak fonksyonman gouvènman lokal yo ak eta yo.⁴⁰ Jan Dezyèm Sikwi a te obsève, “jwenn enfòmasyon enpòtan ki esansyèl pou anpil fonksyon gouvènman eta yo ak lokal yo ka difisil, e menm enposib, si yo pa prezève yon sèten konfidansyalite”, epi “kenbe konfidansyalite a ka mande pou gouvènman eta yo ak lokal yo kontwole jan anplwaye yo itilize enfòmasyon sa yo.”⁴¹ Kidonk, yo ka entèprete Dizyèm Amannman an pou limite dimansyon Seksyon 1373 la kote yon Eta oswa yon kolektivite lokal ka demontre lwa a kreye “yon entèferans ki pa akseptab ak pouvwa Eta yo ak kolektivite lokal yo pou kontwole enfòmasyon yo jwenn nan kad aktivite ofisyèl yo oswa pou reglemante devwa ak responsablite anplwaye pa yo”—tankou afekte kapasite antite a pou kolekte enfòmasyon ki nesesè pou fonksyonman li—“si yo pa prezève yon sèten konfidansyalite.”⁴²

35. H.R. Rep. No 104-725, Soutit B, § 6, paj 383 (1996).

36. 8 U.S.C. § 1373(a)-(b) (anfaz ajoute).

37. *Id.* § 1373(b) (anfaz ajoute).

38. Dapre yon Arete Minisipal Vil New York, pou egzanp, ajan ak anplwaye (apa ajan fòs lòd yo) yo entèdi pou yo mande enfòmasyon sou estati imigrasyon yon moun “sof si: (1) estati imigrasyon moun sa a nesesè pou detèmine si moun nan kalifye pou yon pwogram, sèvis, oswa benefis oswa pou bay moun nan sèvis; oswa (2) lalwa egziye ajan an oswa anplwaye sa a pou l mande enfòmasyon sou estati imigrasyon moun nan.” Arete Minisipal Vil New York, No 41, § 3(a) (2003).

39. *New York*, 505 U.S., paj 188; *Printz*, 521 U.S., paj 916.

40. *City of New York*, 179 F.3d nan paj 35-37.

41. *Id.*

42. *Id.*, paj 36, 37.

Gen kèk jiridiksyon ki adopte politik ki mete restriksyon eksplisit sou divilgasyon enfòmasyon sou estati imigrasyon yon moun bay nenpòt twazyèm pati, tankou otorite federal yo, sou baz konfidansyalite a nesèsè pou kolekte enfòmasyon sa yo epi enfòmasyon an enpòtan pou divès fonksyon gouvènman an. Pou rezon sa yo, Vil New York, pou egzanp, entèdi anplwaye li yo “divilge enfòmasyon konfidansyèl”—tankou enfòmasyon ki gen rapò ak “estati imigrasyon”—eksepte nan sèten sikonstans (pou egzanp, soupson aktivite ilegal ki pa gen rapò ak estati san papyè oswa ankèt sou aktivite teworis potansyèl), oswa si “lalwa egzijè divilgasyon sa a.”⁴³

(2) Lwa sou Libète Enfòmasyon

Divilgasyon enfòmasyon gouvènman an genyen yo gouvène tou ak Lwa sou Libète Enfòmasyon Eta New York la (FOIL). Pandan FOIL jeneralman egzijè pou ajans eta yo ak lokal yo pibliye, sou demann, tout dosye ki pa espesyalman ekskli nan divilgasyon anba lalwa eta a oswa federal,⁴⁴ FOIL egzijè tou pou yon ajans pa divilge dosye sa yo lè divilgasyon yo “ta konstitiyè yon vyolasyon vi prive ki pa jistifye.”⁴⁵ Enfòmasyon ki pa piblik sou yon moun, tankou adrès kay li, dat ak kote li fèt, oswa nimewo telefòn kay li, gen anpil chans pou yo pa divilge yo pou rezon konfidansyalite.⁴⁶

E. Dwa ki Gouvène Pouwa Gouvènman Federal la pou Kondisyon Sibvansyon Federal yo

Gouvènman eta ak gouvènman lokal yo te deja resevwa menas pou yo mete fen nan finansman federal pou swadizan vyolasyon Seksyon 1373 nan Tit 8 Kòd Etazini an oswa pou lòt swadizan obstak nan aplikasyon lalwa federal sou imigrasyon. Gouvènman federal la bay Eta New York ak kolektivite lokal li yo plizyè sibvansyon nan domèn ki soti nan edikasyon ak lasante rive nan sèvis sosyal ak jistis penal. Chak sibvansyon gouvène ak diferan rejim legal ak regilasyon. Egzijans ak dispozisyon plan sa yo ka limite kapasite gouvènman federal la pou kenbe finansman, kidonk yo ta dwe analize yo ak anpil atansyon epi endividyèlman.

Malgre gouvènman federal la gen diskresyon pou kondisyon finansman li bay eta yo ak kolektivite lokal yo sou konfòmite avèk sèten kondisyon, Lakou Siprèm Etazini an te etabli sèten limit sou otorite sa a. Premyèman, gouvènman federal la pa ka itilize pouwa depans li pou “pouse eta yo angaje yo nan aktivite ki ta ka kont Konstitisyon an”; pou egzanp, li pa ka kondisyon yon sibvansyon fon federal sou aksyon eta a ki diskriminatwa yon fason ki pa jis.⁴⁷ Dezyèmman, nenpòt kondisyon pou finansman dwe gen yon lyen rezonab ak enterè federal pwogram sa a.⁴⁸ Twazyèmman, kondisyon an dwe klè “san okenn dout”; pou moun k ap resevwa fon yo ka chwazi volontèman e ak tout konesans si yo vle aksepte oswa pa aksepte fon sa yo ak kondisyon ki mache avèk yo.⁴⁹ Finalman, kantite fon federal yon eta ki konfòme li ka pèdi pa dwe tèlman anpil pou eta a pa ta gen okenn “lòt chwa reyèl pase aksepte” kondisyon an.⁵⁰

43. Arete Minisipal Vill New York No 41, Preyanbil, § 2 (2003).

44. Lwa sou Fonksyonè Piblik yo § 87(2).

45. *Id.* § 89(2)(b); *gade tou In re Massaro v. NY State Thruway Auth.*, 111 A.D.3d 1001, 1003-04 (3d Dep’t 2013) (dosye ki gen non, adrès ak nimewo Sekirite Sosyal anplwaye yo sijè ak eksepsyon vi prive anba Lwa FOIL la).

46. Egzanp sa yo se egzanp pou ilistre epi yo pa konplè.

47. *South Dakota v. Dole*, 483 U.S. 203, 210 (1987).

48. Nan ka *Dole* a, Lakou Siprèm nan te deside Kongrè a te kapab legalman kenbe 5% pousan nan sèten fon pou gran wout nan men eta ki pa t ogmante laj legal pou bwè alkòl la a 21 lane paske ogmantantasyon laj pou bwè a te “dirèkteman gen rapò ak youn nan prensipal rezon ki fè yo depanse fon pou gran wout yo,” sètadi, “vwayaje an sekirite ant eta yo.” *Id.* nan paj 208-209.

49. *Gade, pou egzanp, Pennhurst State Sch. & Hosp. v. Halderman*, 451 U.S. 1, 17 (1981).

50. *Gade, pou egzanp, Nat’l Fed. of Ind. Bus. v. Sebelius*, 132 S. Ct. 2566, 2604 (2012); *Dole*, 483 U.S., paj 209.

Selon nati ak montan rediksyon finansman federal la, eta yo ak kolektivite lokal yo ka konteste rediksyon an sou youn oswa plizyè baz legal oswa konstitisyonèl. Sepandan, kontestasyon sa yo pa toujou reyisi. Pou egzanp, nan lane 2017, gouvènman federal la te ajoute kondisyon nan finansman federal la pou sipòte fòs lòd lokal yo atravè Pwogram Sibvansyon Edward Byrne Memorial pou Asistans pou Jistis (Byrne JAG), tankou divilgasyon sèten enfòmasyon sou sitwayènte ak dat liberasyon bay otorite federal yo, ak aksè federal a moun san papye ki nan prizon. Malgre kèk tribinal te akeyi kontestasyon kondisyon sa yo pozitivman,⁵¹ Dezyèm Tribinal Apèl Sikwi a te rejte yo, li pa te jwenn okenn vyolasyon konstitisyonèl oswa legal nan kondisyon sa yo.⁵²

Pati III: Dispozisyon Modèl

Pati sa a idantifye nèf prensip, ki soti nan peyizaj jiridik la ki eksplike nan seksyon anvan yo, epi li ofri yon fòmilasyon modèl jiridiksyon yo ka itilize pou adopte lwa lokal ak/oswa règleman pou adopte prensip sa yo.

(1) LEA yo pa ta dwe patisipe nan sèten aktivite nan objektif pou fè respekte lwa imigrasyon federal yo.

Fòmilasyon Modèl:

(a) Yon[LEA] pa dwe kanpe, kesyone, entèwoje, mennen ankèt, oswa arete yon moun sèlman sou baz youn nan bagay sa yo:

- i. Estati imigrasyon oswa sitwayènte reyèl oswa sipoze;
- ii. Nenpòt vyolasyon sivil reyèl oswa prezime kont lwa imigrasyon federal yo; oswa
- iii. Yon manda imigrasyon sivil, yon manda administratif, oswa yon demann retansyon nan non moun nan, tankou sa yo idantifye nan baz done Sant Nasyonal Enfòmasyon sou Krim nan (NCIC).

(b) Yon [LEA] pa dwe poze kesyon sou estati imigrasyon okenn moun, tankou yon viktim krim, yon temwen, oswa yon moun ki rele oswa ki kontakte lapolis pou asistans, sof si sa nesèsè pou mennen ankèt sou aktivite kriminel moun sa a.

(c) Yon [LEA] pa dwe fè oswa sipòte fonksyon yon ajan federal imigrasyon sivil, oswa patisipe otreman nan aplikasyon lwa federal imigrasyon sivil la, kit se sou pwòp inisiyativ li, atravè akò enfòmèl, anba Seksyon 1357(g) nan Tit 8 nan Kòd Etazini an, oswa anba nenpòt lòt lwa, pwogram, règleman, oswa politik.

51. *Gade*, pou egzanp, *Vil Chicago kont Barr*, 961 F.3d 882 (7th Cir. 2020); *Vil Providence kont Barr*, 954 F.3d 23 (1st Cir. 2020); *City of Los Angeles v. Barr*, 941 F.3d 931 (9th Cir. 2019); *City of Philadelphia v. Attorney Gen.*, 916 F.3d 276 (3rd Cir. 2019).

52. *New York v. U.S. Dep't of Justice*, 951 F.3d 84 (2d Cir. 2020).

(2) LEA yo ta dwe kenbe yon moun apre yon demann retansyon otorite federal imigrasyon yo sèlman si gen yon manda jidisyè. Yon LEA ka chwazi avize otorite imigrasyon federal yo sou dat liberasyon yon moun, san pwolonje detansyon moun nan, anba sèten kondisyon.

Fòmilasyon Modèl:

- (a) Yon [LEA] pa dwe arete, detni, oswa transfere gad yon moun pou rezon aplikasyon lalwa imigrasyon sivil federal oswa ankèt sou baz yon manda detansyon imigrasyon sivil, oswa lòt manda oswa demann, ki soti nan men otorite federal imigrasyon sivil yo sof si demann lan akonpaye ak yon manda jidisyè.
- (b) Si pa gen yon manda jidisyè, yon [LEA] ka, selon diskresyon li, deside avize otorite federal imigrasyon yo anvan li libere yon moun, san l pa pwolonje detansyon moun nan, si:
- (i) gen motif rezonab pou kwè moun nan te antre nan peyi a ilegalman apre yo te fin depòte li oswa ekspilse li anba Seksyon 1326 nan Tit 8 nan Kòd Etazini an, epi (2) yo te kondane moun nan pou yon seri krim grav ki espesifikman endike anba Lwa Penal New York la (pou egzanp, krim Klas A, tantativ krim Klas A, krim vyolan Klas B, elatriye) oswa (ii) yon krim federal oswa yon krim anba lalwa yon lòt eta ki ta konstitye yon kondanasyon pou yon krim grav, jan sa defini nan Kòd Penal New York la, pou nenpòt nan krim ki anwo yo; oswa
 - gen motif rezonab pou kwè moun nan te angaje nan aktivite teworis oswa li angaje nan aktivite teworis.

(3) Si pa gen yon manda jidisyè, LEA yo pa dwe bay otorite federal imigrasyon sivil yo enfòmasyon ki pa piblik ak sansib sou yon moun.

Fòmilasyon Modèl:

- (a) Yon [LEA] pa dwe divilge bay otorite federal imigrasyon sivil yo enfòmasyon ki pa piblik sou yon moun—tankou, men pa limite ak, enfòmasyon ki pa piblik sou liberasyon moun nan, konparisyon li nan tribinal, oswa adrès kay li oswa biznis li, sof si demann lan akonpaye ak yon manda jidisyè.
- (b) Pa gen okenn dispozisyon nan Lwa sa a ki entèdi yon ajans lokal:
- voye bay oswa resevwa nan men yon ajans lokal, Eta a, oswa Federal, nan akò avèk Seksyon 1373 nan Tit 8 nan Kòd Etazini an: (i) enfòmasyon konsènan peyi sitwayènte yon moun oswa (ii) yon deklarasyon sou estati imigrasyon yon moun; oswa
 - divilge enfòmasyon konsènan arestasyon oswa kondanasyon kriminel yon moun, lè lalwa eta a otorize divilgasyon enfòmasyon sa yo oswa se yon sitasyon oswa yon òdonans tribinal ki egzije sa; oswa
 - divilge enfòmasyon konsènan arestasyon minè, jijman pou delikans jivenil, oubyen jijman pou jèn delenkan, lè lalwa eta a otorize divilgasyon enfòmasyon sa yo oswa se yon sitasyon oswa yon òdonans tribinal ki egzije sa.
- (c) Yon [LEA] dwe limite enfòmasyon, li kolekte sou moun konsènan estati imigrasyon oswa sitwayènte, ak sa ki nesesè pou fè devwa li epi li dwe entèdi itilizasyon oswa divilgasyon enfòmasyon sa yo nan nenpòt fason ki vyole lalwa federal, eta a oswa lokal.

(4) LEA yo pa ta dwe pèmèt otorite federal imigrasyon sivil yo kesyone moun ki anba gad yo pou rezon ki gen rapò sèlman ak aplikasyon lalwa imigrasyon.

Fòmilasyon Modèl:

[LEA] yo pa dwe pèmèt otorite federal imigrasyon sivil yo jwenn aksè ak yon moun ki anba gad li oswa pou itilize lokal ajans lan pou fè entèvyou oswa kesyone moun sa a si sèl objektif la se aplike lwa federal imigrasyon sivil la. Yon [LEA] pa dwe pèmèt otorite federal imigrasyon sivil yo jwenn aksè nan espas ki pa piblik nan lokal li yo pou aplike lwa imigrasyon sivil la sof si yo prezante yon manda jidisyè.

(5) LEA yo ta dwe pwoteje dwa pou pwosedi regilye moun ki anba gad yo e ki sijè ak demann federal pou fè respekte lwa federal imigrasyon yo.

Fòmilasyon Modèl:

(a) Yon [LEA] pa dwe retade liberasyon yon moun, sou kosyon oswa otreman, sèlman poutèt

- i. estati imigrasyon oswa sitwayènte moun nan,
- ii. yon enfraksyon sivil reyèl oswa prezime lwa federal imigrasyon yo; oswa
- iii. yon manda imigrasyon sivil oswa lòt kalite demann ki soti nan men otorite federal imigrasyon yo apa yon manda jidisyè,

pou rezon aplikasyon lalwa imigrasyon (pou egzanp, pou notifiye konsènan, transfere, arete, kesyone oswa entèwoje moun sa a).

(b) Lè yon [LEA] resevwa yon demann retansyon, transfè, notifikasyon, entèvyou oswa kesyonman imigrasyon, li dwe bay moun yo nonmen ladan l nan oswa avoka li yon kopi demann sa a epi li dwe enfòm moun nan oswa avoka li si [LEA] a pral onore demann lan anvan li kominike repons li bay ajans ki fè demann lan.

(c) Moun [LEA] yo mete an detansyon yo dwe sibi menm pwosedi, politik ak pratik anrejistreman, tretman (pwosesis), liberasyon ak transfè ak ajans sa a, kèlkeswa estati sitwayènte oswa imigrasyon reyèl oswa prezime moun yo, oswa enfraksyon yo ta komèt.

(6) Yo pa ta dwe itilize resous ajans lokal yo pou kreye yon rejis federal ki baze sou ras, sèks, oryantasyon seksyèl, relijyon, orijin etnik, oswa orijin nasyonal.

Fòmilasyon Modèl:

[Ajans lokal] yo pa ka itilize resous ajans lan swa depatman an, tankou lajan, lokal, pwopriyete, ekipman, oswa pèsònèl, pou mennen ankèt, aplike, oswa ede nan ankèt oswa aplikasyon nenpòt pwogram federal ki egzije anrejistreman moun sou baz ras, sèks, oryantasyon seksyèl, relijyon, orijin etnik, oswa orijin nasyonal.

(7) Ajans lokal yo ta dwe limite koleksyon enfòmasyon ki gen rapò ak imigrasyon epi asire aksè san diskriminasyon nan benefis ak sèvis yo.

Fòmilasyon Modèl:

(a) Anplwaye [ajans lokal] yo pa dwe mande oswa egzije prèv sitwayènte, estati imigrasyon oswa peyi orijin yon moun lè y ap bay sèvis oswa benefis, eksepte lè sa nesèsè pou administre yon pwogram piblik, yon benefis oswa yon sèvis, oswa lè lalwa egzije sa.

(b) [Ajans lokal] yo dwe gen yon Politik Ofisyèl sou Asistans Lang pou moun ki pa pale angle byen epi yo dwe bay sèvis entèpretasyon oswa tradiksyon ki konsistan avèk politik sa a.

(8) LEA yo ta dwe kolekte epi pibliye done global, ki pa gen enfòmasyon pèsònèl ki idantifye moun, konsènan demann yo resevwa nan men otorite federal imigrasyon sivil yo ak repons yo ba yo.

Fòmilasyon Modèl:

(a) Yon [LEA] dwe anrejistre, sèlman pou kreye rapò ki dekri nan paragaf (b) a anba a, enfòmasyon sa yo pou chak demann retansyon, pou notifye, transfè, antretyen, oswa entèwogatwa yo resevwa nan men otorite federal imigrasyon sivil yo:

- Orijin etnik, sèks, ak laj moun ki konsène a;
- Dat ak lè LEA yo te mete moun ki konsène a nan detansyon, kote yo te mete l nan detansyon an, ak akizasyon yo pote kont li;
- Dat ak lè [LEA] yo te resevwa demann lan;
- Ajans ki te fè demann lan;
- Nati demann lan;
- Dosye imigrasyon oswa kriminel ki endike sou fòm demann lan, si genyen;
- Si demann lan te akonpaye ak nenpòt dokiman konsènan estati imigrasyon oswa pwosedi yo;
- Si te gen yon manda jidisyè;
- Si yo te bay moun nan yon kopi demann lan epi, si wi, dat ak lè notifikasyon an;
- Si moun nan te mande pou l pale ak yon avoka konsènan demann lan;
- Repons [LEA] yo ak demann lan, sa ki enkli yon desizyon pou pa onore demann lan;
- Si sa aplikab, dat ak lè otorite federal yo te mete moun nan an detansyon, oswa yo te ba yo aksè ak li; epi
- Dat ak lè yo te libere moun nan anba gad [LEA] yo.

(b) Yon [LEA] dwe bay rapò semi-anyèl bay [deziyen youn oswa plizyè antite sipèvizyon piblik] epi mete enfòmasyon yo kolekte nan paragaf (a) a pi wo a disponib pou piblik la nan yon fòm agreje, san okenn idantifyan pèsònèl, pou li menm ak kominote a ka kontwole konfòmite [LEA] yo avèk tout lwa ki aplikab yo.

(9) LEA yo pa ta dwe itilize ajan imigrasyon federal kòm entèprèt pou zafè ki gen rapò ak lapolis, tankou kontwòl sou plas, kesyonman, entèwogasyon oswa arestasyon.

Fòmilasyon Modèl:

[LEA] yo pa dwe itilize ajan federal imigrasyon yo kòm entèprèt nan kad okenn mezi aplikasyon lalwa, tankou pandan kontwòl sou plas, entèwogasyon oswa arestasyon.

Anèks A

DEPATMAN SEKIRITE ENTERYÈ
DEMANN RETANSYON IMIGRASYON - AVI AKSYON

ID Sijè a:
Nimewo Evènman an:

Nimewo Dosye:
Dat:

POU: (Non ak Tit Enstitisyon an - OSWA Nenpòt Ajans Fòs Lòd)

EKSPEDITE : (Adrès Biwo Depatman Sekirite Enteriyè a)

KENBE ETRANJE A NAN DETANSYON POU YON PERYÒD KI PA DEPASE 48 ÈDTAN

Non Etranje a: _____

Dat Nesans: _____

Nasyonalite: _____

Sèks: _____

DEPATMAN SEKIRITE ENTERYÈ ETAZINI (DHS) PRAN MEZI SA YO KONSÈNAN MOUN KI IDANTIFYE ANWO A, KI ANBA GAD OU KOUNYE A:

- ☐ Detèmine en rezon pou kwè moun sa a se yon etranje ki sijè ak depòtasyon nan Etazini. Moun nan (*koche tout sa ki aplikab*):
- ☐ te deja kondane pou yon krim oswa yo te akize l pou yon krim;
 - ☐ te deja kondane omwen twa fwa pou yon deli minè;
 - ☐ te deja kondane pou yon deli minè oswa yo te akize li pou yon deli minè ki enplike vyolans, menas, oswa agresyon; abi oswa eksplwatasyon seksyèl; kondi anba enfliyans alkòl oswa yon sibstans kontwòl; sove apre yon aksidan; posede oswa itilize ilegalman yon zam afe oswa lòt zam mòtèl, distribisyon, oswa trafik yon sibstans kontwòl; oswa nenpòt lòt menas enpòtan pou sekirite piblik;
 - ☐ te kondane pou antre ilegal dapre Seksyon 1325 nan Tit 8 nan Kòd Etazini an;
 - ☐ te antre Ozetazini ilegalman apre yo te fin ekspilse l yon yon premye fwa;
 - ☐ yon jij imigrasyon te jwenn li komèt fwod imigrasyon;
 - ☐ reprezante yon lòt kote yon risk enpòtan pou sekirite nasyonal, sekirite fwontalye oswa sekirite piblik; ak/ oswa
 - ☐ lòt (presize): _____
- ☐ aprann pwosedi pou ekspilse li a te kòmanse epi yo te remèt li yon Avi Konvokasyon oswa yon lòt dokiman akizasyon. Yon kopi dokiman akizasyon te enkli kòm anèks epi yo te remèt li nan dat _____ (dat).
- ☐ te resevwa yon manda arestasyon nan kad pwosedi ekspilasyon an. Yon kopi manda a te enkli kòm anèks epi yo te remèt li nan dat _____ (dat).
- ☐ te resevwa yon òdonans pou ekspilse moun sa a oswa depòte li nan Etazini

Mezi sa a pa nan okenn fason limite pouvwa ou pou deside sou klasifikasyon moun sa a pou detansyon, travay li, plasman yo oswa nenpòt lòt bagay. DHS konseye pou w pa ranvwaye akizasyon penal ki baze sou egzistans yon demann retansyon.

YO MANDE W POU:

- ☐ Kenbe moun nan nan detansyon pou yon peryòd **KI PA DEPASE 48 ÈDTAN**, eksepte samdi, dimanch ak jou ferye, apre peryòd yo ta sipoze libere l la, pou pèmèt DHS pran l anba gad li. Demann sa a fèt anba règleman federal 8 C.F.R. § 287.7. Pou rezon detansyon imigrasyon sa a, **ou pa otorize pou w kenbe moun nan pou plis pase 48 èdtan sa yo**. Pi vit posib, anvan dat ou ta nòmalman libere moun nan, tanpri avize DHS lè w rele _____ pandan lè travay oswa _____ papre lè travay oswa nan ka ijans. Si ou pa kapab jwenn yon responsab DHS nan nimewo sa yo, tanpri kontakte Sant Asistans Aplikasyon Lalwa ICE la nan Burlington, Vermont nan: (802) 872-6020. (802) 872-6020.
- ☐ Bay moun ki konsène a yon kopi demann retansyon sa a.
- ☐ Avize biwo sa a sou dat liberasyon an omwen 30 jou alavans, oswa pi vit posib.
- ☐ Tanpri enfòm biwo sa a nan ka lanmò, entèn lopital, oswa transfè moun ki nan detansyon an nan yon lòt etablisman.
- ☒ Konsidere demann retansyon sa a kòm efektif sèlman apre yo fin kondane moun ki nan detansyon an.
- ☐ Anile demann retansyon biwo sa a te emèt anvan an nan dat _____ (dat).

(Non ak tit Ajan Imigrasyon an)

(Siyati Ajan Imigrasyon an)

POU AJANS FÒS Lòd KI ANCHAJE, KOUNYE A, MOUN AVI SA A KONSÈNAN A RANPLI:

Tanpri bay enfòmasyon ki anba yo, siyen, epi voye yo bay DHS lè w sèvi avèk anvlòp ki enkli a pou plis konvenyans oswa voye yon kopi pa faks nan _____. Ou ta dwe konsève yon kopi pou pwòp dosye w pou w ka swiv dosye a epi pou w pa kenbe l pi lwen pase peryòd 48 èdtan an.

Nimewo Anrejistremman Lokal/Nimewo Prizonye: _____ Dènye Akizasyon/Kondanasyon Kriminèl: _____ (dat)

Dat Liberasyon Estime: _____ (dat) Dènye Enkilpasyon/Kondanasyon: _____ :

Avi: Yon fwa li anba gad nou, nou ka ekspilse moun sila ki nan detansyon an. Si gen risk pou moun sa a viktim yon krim, oswa si ou swete l rete Ozetazini pou pousuit jidisyèl oswa lòt mezi aplikasyon lalwa, enkli pou l temwaye, tanpri avize Sant Sipò Lapolis ICE la nan (802) 872-6020.

(Non ak Tit Ajan an)

(Siyati Ajan an)

NOTICE TO THE DETAINEE

The Department of Homeland Security (DHS) has placed an immigration detainer on you. An immigration detainer is a notice from DHS informing law enforcement agencies that DHS intends to assume custody of you after you otherwise would be released from custody. DHS has requested that the law enforcement agency which is currently detaining you maintain custody of you for a period not to exceed 48 hours (excluding Saturdays, Sundays, and holidays) beyond the time when you would have been released by the state or local law enforcement authorities based on your criminal charges or convictions. **If DHS does not take you into custody during that additional 48 hour period, not counting weekends or holidays, you should contact your custodian** (the law enforcement agency or other entity that is holding you now) to inquire about your release from state or local custody. **If you have a complaint regarding this detainer or related to violations of civil rights or civil liberties connected to DHS activities, please contact the ICE Joint Intake Center at 1-877-2INTAKE (877-246-8253). If you believe you are a United States citizen or the victim of a crime, please advise DHS by calling the ICE Law Enforcement Support Center toll free at (855) 448-6903.**

NOTIFICACIÓN A LA PERSONA DETENIDA

El Departamento de Seguridad Nacional (DHS) de EE. UU. ha emitido una orden de detención inmigratoria en su contra. Mediante esta orden, se notifica a los organismos policiales que el DHS pretende arrestarlo cuando usted cumpla su reclusión actual. El DHS ha solicitado que el organismo policial local o estatal a cargo de su actual detención lo mantenga en custodia por un período no mayor a 48 horas (excluyendo sábados, domingos y días festivos) tras el cese de su reclusión penal. **Si el DHS no procede con su arresto inmigratorio durante este período adicional de 48 horas, excluyendo los fines de semana o días festivos, usted debe comunicarse con la autoridad estatal o local que lo tiene detenido** (el organismo policial u otra entidad a cargo de su custodia actual) para obtener mayores detalles sobre el cese de su reclusión. **Si tiene alguna queja que se relacione con esta orden de detención o con posibles infracciones a los derechos o libertades civiles en conexión con las actividades del DHS, comuníquese con el Joint Intake Center (Centro de Admisión) del ICE (Servicio de Inmigración y Control de Aduanas) llamando al 1-877-2INTAKE (877-246-8253). Si usted cree que es ciudadano de los Estados Unidos o que ha sido víctima de un delito, infórmele al DHS llamando al Centro de Apoyo a los Organismos Policiales (Law Enforcement Support Center) del ICE, teléfono (855) 448-6903 (llamada gratuita).**

Avis au détenu

Le Département de la Sécurité Intérieure [Department of Homeland Security (DHS)] a émis, à votre rencontre, une demande de rétention pour des raisons d'immigration. Une demande de rétention pour des raisons d'immigration est un avis du DHS informant les agences des forces de l'ordre que le DHS a l'intention de vous détenir après la date normale de votre remise en liberté. Le DHS a requis que l'agence des forces de l'ordre, qui vous détient actuellement, vous garde en détention pour une période maximum de 48 heures (excluant les samedis, dimanches et jours fériés) au-delà de la période à la fin de laquelle vous auriez été remis en liberté par les autorités policières de l'État ou locales en fonction des inculpations ou condamnations pénales à votre rencontre. **Si le DHS ne vous détient pas durant cette période supplémentaire de 48 heures, sans compter les fins de semaines et les jours fériés, vous devez contacter votre gardien** (l'agence des forces de l'ordre qui vous détient actuellement) pour vous renseigner à propos de votre libération par l'État ou l'autorité locale. **Si vous avez une plainte à formuler au sujet de cet ordre d'incarcération ou en rapport avec des violations de vos droits civils liées à des activités du DHS, veuillez contacter le centre commun d'admissions du Service de l'Immigration et des Douanes [ICE - Immigration and Customs Enforcement] [ICE Joint Intake Center] au 1-877-2INTAKE (877-246-8253). Si vous croyez être un citoyen des États-Unis ou la victime d'un crime, veuillez en aviser le DHS en appelant le centre d'assistance des forces de l'ordre de l'ICE [ICE Law Enforcement Support Center] au numéro gratuit (855) 448-6903.**

AVISO AO DETENTO

O Departamento de Segurança Nacional (DHS) emitiu uma ordem de custódia imigratória em seu nome. Este documento é um aviso enviado às agências de imposição da lei de que o DHS pretende assumir a custódia da sua pessoa, caso seja liberado. O DHS pediu que a agência de imposição da lei encarregada da sua atual detenção mantenha-o sob custódia durante, no máximo, 48 horas (excluindo-se sábados, domingos e feriados) após o período em que seria liberado pelas autoridades estaduais ou municipais de imposição da lei, de acordo com as respectivas acusações e penas criminais. **Se o DHS não assumir a sua custódia durante essas 48 horas adicionais, excluindo-se os fins de semana e feriados, você deverá entrar em contato com o seu custodiante** (a agência de imposição da lei ou qualquer outra entidade que esteja detendo-o no momento) para obter informações sobre sua liberação da custódia estadual ou municipal. **Caso você tenha alguma reclamação a fazer sobre esta ordem de custódia imigratória ou relacionada a violações dos seus direitos ou liberdades civis decorrente das atividades do DHS, entre em contato com o Centro de Entrada Conjunta da Agência de Controle de Imigração e Alfândega (ICE) pelo telefone 1-877-246-8253. Se você acreditar que é um cidadão dos EUA ou está sendo vítima de um crime, informe o DHS ligando para o Centro de Apoio à Imposição da Lei do ICE pelo telefone de ligação gratuita (855) 448-6903**

THÔNG BÁO CHO NGƯỜI BỊ GIAM GIỮ

Bộ Quốc Phòng (DHS) đã có lệnh giam giữ quý vị vì lý do di trú. Lệnh giam giữ vì lý do di trú là thông báo của DHS cho các cơ quan thi hành luật pháp là DHS có ý định tạm giữ quý vị sau khi quý vị được thả. DHS đã yêu cầu cơ quan thi hành luật pháp hiện đang giữ quý vị phải tiếp tục tạm giữ quý vị trong không quá 48 giờ đồng hồ (không kể thứ Bảy, Chủ nhật, và các ngày nghỉ lễ) ngoài thời gian mà lẽ ra quý vị sẽ được cơ quan thi hành luật pháp của tiểu bang hoặc địa phương thả ra dựa trên các bản án và tội hình sự của quý vị. **Nếu DHS không tạm giam quý vị trong thời gian 48 giờ bổ sung đó, không tính các ngày cuối tuần hoặc ngày lễ, quý vị nên liên lạc với bên giam giữ quý vị** (cơ quan thi hành luật pháp hoặc tổ chức khác hiện đang giam giữ quý vị) để hỏi về việc cơ quan địa phương hoặc liên bang thả quý vị ra. **Nếu quý vị có khiếu nại về lệnh giam giữ này hoặc liên quan tới các trường hợp vi phạm dân quyền hoặc tự do công dân liên quan tới các hoạt động của DHS, vui lòng liên lạc với ICE Joint Intake Center tại số 1-877-2INTAKE (877-246-8253).** Nếu quý vị tin rằng quý vị là công dân Hoa Kỳ hoặc nạn nhân tội phạm, vui lòng báo cho DHS biết bằng cách gọi ICE Law Enforcement Support Center tại số điện thoại miễn phí (855) 448-6903.

对被拘留者的通告

美国国土安全部 (DHS) 已发出对你的移民监禁令。移民监禁令是美国国土安全部用来通知执法当局, 表示美国国土安全部意图在你可能从当前的拘留被释放以后继续拘留你的通知单。美国国土安全部已经向当前拘留你的执法当局要求, 根据对你的刑事起诉或判罪的基础, 在本当由州或地方执法当局释放你时, 继续拘留你, 为期不超过 48 小时 (星期六、星期天和假日除外)。如果美国国土安全部未在不计周末或假日的额外 48 小时期限内将你拘留, 你应该联系你的监管单位 (现在拘留你的执法当局或其他单位), 询问关于你从州或地方执法单位被释放的事宜。如果你对于这项拘留或关于美国国土安全部的行动所涉及的违反民权或公民自由权有任何投诉, 请联系美国移民及海关执法局联合接纳中心 (ICE Joint Intake Center), 电话号码是 1-877-2INTAKE (877-246-8253)。如果你相信你是美国公民或犯罪被害人, 请联系美国移民及海关执法局的执法支援中心 (ICE Law Enforcement Support Center), 告知美国国土安全部。该执法支援中心的免费电话号码是 (855) 448-6903。

Nimewo Dosye _____

Dat: _____

Pou: Nenpòt ajan imigrasyon ki otorize anba Seksyon 236 ak 287 nan Lwa sou Imigrasyon ak Nasyonalite a ak pati 287 nan Tit 8 nan Kòd Règleman Federal yo pou egzekite manda pou enfraksyon nan kad imigrasyon.

Mwen detèmine gen motif rezonab pou kwè yo ka ekspilse _____
Ozetazini. Desizyon sa a baze sou:

- ☐ egzekisyon yon dokiman akizasyon pou kòmanse pwosedi ekspilasyon moun nan;
- ☐ pwosedi ekspilasyon kont moun ki konsène a annatant;
- ☐ enkapasite pou detèmine kalifikasyon apre yon enspeksyon ki ret de .
- ☐ konfimasyon byometrik idantite sijè a ak yon verifikasyon dosye federal ki endike, poukont li oswa anplis lòt enfòmasyon fya , sijè a gen yon estati imigrasyon oswa, malgre estati sa a, li sijè ak ekspilasyon anba lalwa imigrasyon Etazini; ak/oswa
- ☐ deklarasyon volontè sijè a fè bay yon ajan imigrasyon ak/oswa lòt prèv fyab ki endike afimativman sijè a gen yo estati imigrasyon oswa, malgre estati sa a, li sijè ak ekspilasyon anba lalwa imigrasyon Etazini.

YO BAY LÒD pou arete epi kenbe etranje ki mansyone pi wo a, pou pwosedi ekspilasyon anba Lwa sou Imigrasyon ak Nasyonalite.

(Siyati Ajan Imigrasyon Otorize a)_____
(Non ak Tit Ajan Imigrasyon Otorize a ak lèt detache)**Sètifika Sèvis**

Mwen sètifye mwen te sèvi Manda Arestasyon an kont yon sitwayen etranje nan _____
(kote)

nan dat _____ bay _____, epi yo te li kontni
(Date Sèvis la) (Non Sitwayen Etranje a)

avi sa a pou li nan lang _____ .
(Lang)

Non ak Siyati Ajan an_____
Non oswa Nimewo Entèprèt la (si sa aplikab)

DEPATMAN SEKIRITE ENTERYÈ
Sèvis Imigrasyon ak Ladwàn Etazini

MANDA EKSPILSYON/DEPÒTASYON

Nimewo Dosye: _____

Dat: _____

Pou nenpòt ajan imigrasyon nan Depatman Sekirite Enteryè Etazini:

(Non konplè sitwayen etranje a)

ki te antre Ozetazini nan: _____ nan _____
(Kote li te pase) (Dat li te antre)

ka sijè ak ekspilsyon/depòtasyon Ozetazini, dapre yon desizyon final nan youn nan ka sila yo:

- ☐ yon jij imigrasyon nan kad yon pwosedi eksklizyon, depòtasyon oswa ekspilsyon
- ☐ yon fonksyonè deziyen
- ☐ Komisyon Apèl Imigrasyon an
- ☐ yon Jij Distri oswa yon Jij Majistra Etazini

epi dapre dispozisyon sa yo ki nan Lwa sou Imigrasyon ak Nasyonalite a:

Mwen menm, ajan Etazini ki siyen anba a, anba pouvwa ak otorite Sekretè Sekirite Enteryè a anba lalwa Etazini ak sou direksyon li, mwen ba ou lòd pou ou pran anndan ansyon epi depòte sitwayen etranje ki mansyone pi wo a nan Etazini, an akò ak lalwa a, sou depan.

(Siyati ajan imigrasyon an)

Tit ajan imigrasyon an)

(Dat ak adrès biwo a)

Anèks B

Seleksyon lwa ak politik nan Eta New York ak kolektivite lokal yo pou patisipasyon nan aplikasyon lalwa imigrasyon:

Eta New York

- Lwa sou Pwoteksyon Tribinal Nou yo (Lwa sou Dwa Sivil New York, § 28): https://www.nysenate.gov/legislation/laws/CVR/28*2
- Dekrè Egzekitif 170.1 (sou envestigasyon, divilgasyon, ak resous ajans eta a): https://www.governor.ny.gov/sites/default/files/atoms/files/EO_%23.170.pdf
- Dekrè Egzekitif 171 (sou arestasyon sivil nan etablisman piblik yo): https://www.governor.ny.gov/sites/default/files/atoms/files/EO_170.1.pdf
- Lwa sou Veyikil ak Trafik 201(12) (sou pwoteksyon enfòmasyon DMV a): <https://www.nysenate.gov/legislation/laws/VAT/201>

Vil New York

- Arete Minisipal N° 34 (sou demann ajans Vil la pou enfòmasyon ak livrezon sèvis): <https://www.nyc.gov/assets/immigrants/downloads/pdf/eo-34.pdf>
- Arete Minisipal N° 41 (sou divilgasyon enfòmasyon pa ajans Vil la): <https://www.nyc.gov/assets/immigrants/downloads/pdf/eo-41.pdf>
- Seksyon 9-131, 9-205, 14-154 nan Kòd Administratif Vil New York (sou tretman demann retansyon): <https://www.nyc.gov/assets/immigrants/downloads/pdf/nyc-detainer-laws.pdf>
- Seksyon 10-178 nan Kòd Administratif Vil New York la (sou resous ajans vil la): <https://codelibrary.amlegal.com/codes/newyorkcity/latest/NYAdmin/0-0-0-6787>
- Seksyon 4-210 nan Kòd Administratif New York la (sou aksè a pwopriyete vil la): <https://codelibrary.amlegal.com/codes/newyorkcity/latest/NYAdmin/0-0-0-2141>

Lòt lwa oswa règleman lokal yo enkli, men yo pa limite ak:

- Lwa sou Pwoteksyon Imigran nan Westchester <https://humanrights.westchestergov.com/resources/immigrant-protection-law>
- Politik vil Albany sou Polis Kominotè ak Pwoteksyon Imigran: <https://www.albanyny.gov/DocumentCenter/View/970/City-of-Albany-Policy-Regarding-Community-Policing-and-Protecting-Immigrants-PDF>
- Seksyon 215-39 nan Kòd Minisipal Ithaca a ak sa ki annapre yo: <https://ecode360.com/32288270#32288270>